ISSN 0207-6551

# НУР

6+

5
2019



## Ди еджакIуэ цIыкIухэ!

Гъэ еджэгъуэр фухауэ зывгъэпсэхунущи, тхьэм фигъатхъэ!
Мы мазэм дэ гу лъыттащ Iуэхугъуищым:
май щIэращIэм къыхэлыдыкI ТекIуэныгъэ Махуэшхуэм;
къыхэнэщхъеикI Щыгъуэ-щIэж махуэм;
къыхэгушхукI фи ехъулIэныгъэхэм!
Абы къыхэкIыу, ди нэхъыжьыфIхэм яхэлъ лIыхъужьыгъэр
догъэлъапIэ, нэхъыщIэхэм вдэтлъэгъуа ехъулIэныгъэхэм дролъапIэ!

*АБРОКЪУЭ Беллэ*



*Псэм ипэ напэ*

## Адыгэр дызэрыгушхуэ хэкулI, дзэпщ Соснэлы СулътIан

1992 гъэм куржы-абхъаз зауэр къэхъеят. Адыгэ псори дыхуэгузэват ди лъэпкъэгъу абхъазым. Нэхъыбэм, нэхъ лъэщым пэщIэмытыфу абы леишхуэ къытехьэрт, кIуэдыжынкIэ шынагъуэ къэхъуат. Апхуэдэхэм и дежкъэ лIыхъужь къыщыунэхур?! Зауэ и пIалъэ зыщIэу ар зезыгъэкIуэфын шу пашэ яIэтэкъым абхъазхэм. Апхуэдэ лIы закъуэ зиIэу къыщIэкIар дэращ, – къэбэрдейхэрщ.

Ар **СОСНЭЛЫ СулътIант,** адыгэпщ Инал къытехъукIахэм ящыщу, лIыхъужьыгъэр зи лъым, зи псэм хэлъырт, пащтыхьыцIэ зезыхьэрт. Адыгэпщхэм я хабзэу къокIуэкI лей къызытехьэм къащхьэщыжу. Соснэлыми ищIар аращ. Ар зауэм кIуэри, абхъэзыдзэм пашэ хуэхъуащ. А лъэпкъ цIыкIум къахьа текIуэныгъэр зыдалъагъур Соснэлы СулътIанщ. Абы папщIэкIи ди лIыхъужьым къэралым и дамыгъэ нэхъ лIапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

# Майм и 9-р ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэщ



Фи махуэ фIыуэ!

Сэ Матухэ Сарейщ, си цIэр Алинэщ. Налшык дэт е-4-нэ гимназием е-3-нэ "г" классым сыщоджэ.

Сэ си адэм и адэшхуэр зауэм хэтащ. Ар зауэр щиуха иужь узыншэу къызэрыкIуэжам щхьэ, хуитыныгъэр къызэритхуахым щхьэ, дэ илъэс къэс зэхуэс дощI майм и-9-м.

Мату Кукуи - дадэ къытхэмытыжми а махуэр сытым дежи догъэлъапIэ!

# Адыгэр нартхэ я лІэужьщ

Нартхэ я хъыбар щызэхихым, зылІ ежьащ, мыпхуэдизу цІэрыІуэхэр зэзгъэлъагъунщ,– жери.

Нарт хэкум ихьауэ здэкІуэм ар фызитІ Іуощ Іэ.

– УэІ, мы шу цІыкІурелъ! – зыр Іэбэщ, лІы цІыкІур уанэгум кърихщ, адрейм и шы ІумпІэр иубыдри, шур я унэ къахьащ.

– Фриджэгу, – жари пщІантІэм дэт щІалэ цІыкІухэм лІы цІыкІумрэ шымрэ иратащ.

ЩІалэ цІыкІухэр лІымрэ шымрэ здриджэгум, унэм зы лІыжь набгъэ исти, абы я дыхьэшх макъыр зэхихщ, къыщІэкІри:

– Сыт ар? – жери щІэупщІащ.

– Гъуэгум зы шу цІыкІунитІэ щрихьэлІати, уи ныситІым къытхуахьауэ дроджэгу,– жраІащ тхьэмадэм.

– Іэгъу! Ар хъурэ? – шхыдащ лІыжьыр. ХьэщІэр джэгупІэ ящІ хабзэ? Хэту щытми, хьэщІэщ. Унэм къифшэ.

ЛІы цІыкІур тхьэмадэм деж яшащ.

– Сынабгъэщи, услъагъуркъым... УцІыкІур пэж?

– ФэркІэ сыцІыкІущ, сыкъыздикІакІэ – сыаслъэнщ.

– Мыр вгъэхьэщІи, футІыпщыж,– ещІ унафэ.

ЛІы цІыкІур ягъэхьэщІэри яутІыпщыж. ЗдэкІуэжахэр къоупщІ:

– Нарт плъэгъуа?

– Слъэгъуащ. Нартым деплъытмэ, дэ бадзэ дыхуэдизуращ.

– Сэри сыкІуэнщи, зэзгъэлъагъунщ нартхэр,– жери нэгъуэщІ зыи къэшэсащ.

Нартхэ я хэкум къихьауэ, шур фызитІ ирохьэлІэ.

– Мыр зэрышу цІыкІу! – жари ягъэщІагъуэ.

Зыр Іэбат шур уанэгум кърихынуи, ар щІопщкІэ къыхуилъщ фызитІым, къащІэгубжьэри къыІуихуащ.

Ахэр щтауэ унэм здэкІуэжам яІуэтэж:

– Зы шу дрихьэлІати, мафІэр къыІуролъэлъ. И шыфэлІыфэкІэ нартщ жыпІэнкъым, къыздикІар тхьэм ещІэ.

– Фыпежьи, къевгъэблагъэ, – жиІащ тхьэмадэм.

Шум пежьэри, къррагъэблэгъащ.

– УкъыздикІамкІэ сыт ущилІыгъэ? – еупщІащ тхьэмадэр.

– СыкъыздикІам сэ нэхъ гуащІэмащІэ искъым,– жиІащ хьэщІэм.

– Іэгъу! – нэщхъей къэхъуащ нарт тхьэмадэр. – Уэ нэхъ гуащІэмащІэ зыхэмытыр гъунэгъу къытхуэхъуауэ щытмэ, нэхъ лъэщыр къытхуэмыщІэурэ дызэрыукІыжынущ!

*Нарт тхьэмадэм и псалъэр пэж хъури, нартым я ужь адыгэр къинащ. «Адыгэр нартхэ я лІэужьщ» – щІыжаІэр аращ.*

# Нартым и пщIыхьэпIэ

Жэщибл-махуиблкIэ жеяуэ, зы нарт къызэщыужри тхьэгурымагъуэм (къэхъунур къэзыщIэм) деж кIуащ, и пщIыхьэпIэхэм къарыкIыр жригъэIэну. Ахэр псори зэхьэлIар нартым я пщэдейрат.

*Япэр*

– Мэзым зы бланэ къыхахури ди бжыхьым кърахулIащ. Ар щаукIым, тхьэрыкъуитI къэлъатэри зафыщIыжащ, пщIантIэм дэс вындыжьым и жьэ зэщIихакъым. Бланэр щаукIам деж жыгыщIэ къыхэжащ. Сыту пIэрэ?

– Бланэр уэращ. ЗекIуэ уежьауэ уаукIынурэ уи шыпхъуитIым уагъеижынущ, уи анэм и нэпс зыми яригъэлъагъунукъым. Уи щхьэгъусэр уэндэгъущи,щIалэ къыпхуалъхунурэ уилъ ищIэжынущ.

*ЕтIуанэр*

– Мэл хъушэм сыхэплъэри зытI фIэкI яхэттэкъым. Ар зищIысыр сыт?

– Жылэм я унафэр зы лIым и Iэмыщхэ щихуэн зэман къэхъунущ.

*Ещанэр*

– ЩIопщыкъу къыхэсхыну мэзым сыкIуащ. «Мис мыр хъунщ», – жыхуэсIэ къудамэмкIэ сыIэбати, нэгъуэщI зы къудамэщIэ цIыкIум зыкъишиящ: «Сэ сыпыупщI»,– жери. Ари сыт?

– Я адэхэр унэм кърапэурэ я къуэхэм унафэ зэрахьэу, хасэу зэман къэхъунущ.

*ЕплIанэр*

– ХъупIэм сыщрихьэлIат зы шы псэф, езым сыкъищIакъым, и ныбэм илъым и щыщ макъ зэхэсхащ.

– Я шыпхъу нэхъыжь къыданэурэ, шыпхъу нэхъыщIэхэм дэкIуэу къаублэнущ.

*Етхуанэр*

– Лъахъстэн (хъыдан) вакъэмрэ выфэ (фэ быдэ) вакъэмрэ зэныкъуэкъуу, жыгым зэрыдэмыгъэкIуейуэ сепщIыхьащ. Сытым хуэпхьрэ?

– Бжьыгъуэр зэпаубыдынурэ цIыхур зэрышх-зэрылI хъунущ.

*Еханэр*

– Мэш (просо) хъуар къэсхыну сыщыкIуэм,ар къуалэбзум яхъуауэ срихьэлIащ – ху напIэм ху имысыжу. Сыту пIэрэ?

– ЩIым и IэфIыр щIэкIынущ, гъавэ бэгъуа къытемыкIыжу.

*Ебланэр*

– ЗекIуэ сежьауэ гъуэгум сыщепсыхри си щIакIуэр сыубгъуати, сышэсыжынщ щыжысIэм, си щIакIуэм хъумпIэцIэдж къежауэ слъэгъуащ. Ар сытым хуэпхь хъуну?

– Ди ужь къихъуэну лъэпкъым хъумпIэцIэдж хуэдизщ я инагъынур.

*Нартым я пщэдейм фэ фыщопсэу. Абы и пщIыхьэпIэхэр нэхуапIэ хъуауэ пIэрэ?*

**КЪАРМОКЪУЭ Хьэмид**

# АДЫГЭР ДЫЗЭРЫГУШХУЭ МАМЛЮКХЭР

Шэрджэс мамлюк 45-м Мысырымрэ (Египет) Щамымрэ (Сирия) пащтыхьыгъуэр щаIыгъащ илъэс 300-кIэ. Ди лъэпкъ тхыдэм къыхолыдыкI адыгэ пащтыхьхэм яхэлъа лIыгъэр, дрогушхуэ!

«Хэт хъуну мамлюкхэр, а щIыпIэм дауэ къыщыхута?» – жыфIэмэ, ар къызэрыхъуаращ: а лъэхъэнэм сабийдыгъу щыIащ. Къэдыгъуа щIалэ цIыкIухэр ящэжым-зэIэпахыурэ а щIыпIэхэм нэса иужь, зауэлIу ягъасэрт. Ахэращ мамлюккIэ зэджэр. КъызэрыгуэкI сабий гъэрыр пащтыхь хъун папщIэ, абы лIыгъэ – хахуагъэу, къарууэ хэлъын хуейр фи нэгу къыщIэвгъэхьэт!

Адыгэ сабийхэм зауэлI хахуэ къахэкIырт.



Япэ лъэхъэнэм тета пащтыхьхэр:

Шэджэрэтуд – (махуэ 80)

Издин Аибэч, и къуэ Нурдин (1250–1259)

Сейфуддин ГъутIэжь (1259–1260)

Бейбарс Рукнуд-дин, и къуэхэу Бырч Мухьэмэдрэ Сэлэмышрэ (1260–1279)

Къалэунэхэ Сефуд-дин, Хъэлил, Мухьэмэд (1279–1294)

Чэтбгъэ Зенуд-дин (1294–1296)

Лашын Хъусамуд-дин (1296–1299)

Къалэунэ Мухьэмэд (етIуанэу) (1299–1309)

Бейбарс Рукнуд-дин (япэрейм и цIэджэгъущ) (1309–1310)

Къалэунэхэ Мухьэмэд (ещанэу), Аубэчыр, Кушыку, Ахьмэд, Исмел, Шыхьбан, Хьэжы, Хьэсэн, Сэлэдин, Хьэсэн (етIуанэу), Хьэжы-Мухьэмэд, Хъусен и къуэ Шыхьбан, Шыхьбан и къуэ Алийрэ Амир хьэжымрэ (1310–1382)



Бэркъукъуэ Захьир
(1382–1388)



Ашраф Инал
(1453–1461)



Ашраф Къаит-Бей
(1468–1498)



Къанщауэ Гъур
(1501–1516)

## ЕтIуанэ лъэхъэнэм тетахэр:

Бэркъукъуэ Захьир (1382–1388)
Шыхьбан и къуэ Хьэжы (етIуанэу) (1388–1389)
Бэркъукъуэ (етIуанэу), и къуэхэу Фэрэдж,
Абдулхьэзиз (1389–1412)
Щехъ Мыхьмуд, и къуэ Тэтэр (мазищ),
и къуэ Мухьэмэд (1412–1422)
Бэрсбейрэ и къуэ Исуфрэ (1422–1438)
Чыкъмыкърэ и къуэ Уэсмэнрэ (1438–1453)
Ашраф Иналрэ и къуэ Шухьабулдинрэ (1453–1461)
Хъушкъадэм (1461–1467)
Бэлэбей (мазэ бжыгъэ)
Темырыбгъэ (зы жэщ)
Ашраф Къаит-Бей, и къуэ Мухьэмэд (1468–1498)
Къанщауэ (1498–1500)
Жанболэт (1500–1501)
Думэнбей (мазэ бжыгъэ)
Къанщауэ Гъур (1501–1516)
Думэнбей (етIуанэу) (1516–1517)

Адыгэр дызэрыгушхуэ мамлюкхэм я хъыбар къывэдгъэщIащ, фэ фылъыхъуэ, къэвгъуэт абы ятеухуа тхыгъэхэр. Мыхэри сэбэп къыфхуэхъунщ:

*Хьэтыкъуэ Самир.* «Черкесские мамлюки»;
*Къалмыкъ Аднан.* «Адыгэ пащтыхьхэр – Мысырым»;
*Уильям Мьюр.* «Мамлюкская династия Египта»;
*Иванов Н. А.* «Османское завоевание арабских стран».

***А. Б.***

# ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ ХЭТА АДЫГЭ ТХАКIУЭХЭР



КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща, усакIуэ-уэрэдус, цIыхубэ уэрэджыIакIуэ ***КЪЭЖЭР Индрис Мыхьэмэт и къуэр (1895–1941)*** Хэку зауэшхуэм хэтащ. ЩоджэнцIыкIу Алий и гъусэу ар 1941 гъэм Беларусь республикэм и Бобруйск къалэм пэгъунэгъуу щыIа нэмыцэ лъэхъуэщым икIуэдащ.

Iэзагъэшхуэ зыхэлъ пшынауэт Индрис, езым и къафэ, гухэлъ уэрэд зэхилъхьэрт. Нобэр къыздэсым цIыхухэм яIурылъщ, ягъэзащIэ Индрис и къафэхэмрэ и уэрэдхэмрэ.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, гъуазджэмкIэ и лэжьакIуэ пашэ ***ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий Iэсхьэд и къуэр (1900–1941)*** адыгэм и бын пажэхэм ящыщщ. И хэкум кърацIылIа зауэ емынэм и шынагъуагъэр къызыгурыIуэ усакIуэм къарууэ иIэр ирихьэлIащ къыдалъхуахэр тхыгъэкIэ гъэгушхуэным, бийм лъагъумыхъуныгъэ хуегъэщIыным.



1941 гъэм ноябрым и 29-м ар зэрымыщIэкIэ гъэр хъури, Беларусь республикэм и Бобруйск къалэм пэгъунэгъу нэмыцэ лъэхъуэщым икIуэдащ.

Алий и тхыгъэ гъуэзэджэхэр псэунущ зы адыгэ псэууэ дунейм тетыху.



Хэку зауэшхуэм и ветеран, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ***ГЪУБЖ Мухьэдин МэчрэIил и къуэр (1913–1997)*** яхэтащ Хэкум и къуэ нэхъыфIу зауэм дэкIахэм.

1942 гъэм топышэм и удын хьэлъэ къылъысам иужькIэ Мухьэдин и узыншагъэр яхуэзэфIэгъэувэжакъым. Ар къаутIыпщыжащ.

Лэжьыгъэми зауэм и лыгъэми япсыхьа Гъубжым узыр зытримыгъакIуэу журналист, тхакIуэ IэщIагъэм ерыщу пэрытащ. И тхыгъэхэр ди литературэм и фIыпIэщ.



Социалистическэ лэжьыгъэм и лIыхъужь, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Адыгей республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, РСФСР-ми КъБР-ми я къэрал саугъэтхэм я лауреат ***КIЫЩОКЪУЭ Алим Пщымахуэ и къуэр (1914–2001)*** Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ хэтащ иухыху, щапхъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къигъэлъагъуэу. Алим Хэку зауэшхуэм къикIыжащ майору, дамыгъэ куэд и бгъэм хэлъу: «Хэку зауэшхуэм и япэ степень», «Вагъуэ Плъыжь» орденитI, «За оборону Сталинграда» медаль, н. къ. КIыщокъуэ Алим адыгэ лъэпкъым къыхуигъэна щIэинхэм ящыщщ усэ щэ бжыгъэхэр, поэмэ зыбжанэ, роман хьэлэмэтхэр, пьесэхэр, киносценариехэр.

Адыгэр щыIэхукIэ Алим и цIэр псэунущ.



КъБР-ми УФ-ми гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ ***ШОРТЭН Аскэрбий ТIэхьир и къуэр (1916–1985)*** щIэныгъэлIт, Iуэрыlуатэджт, тхакIуэт икIи журналистт.

Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ Шортэныр зауэм дэкIащ 115-нэ лъэпкъ дивизием хэту, зауэр иухыхукIи лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу щыIащ, зауэлIхэр зыгъэгушхуэ командир Iэзэу щытащ. ЛIыхъужьым дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуагъэфэщащ.

Нарт эпосыр зэхуэхьэсыным, ар джыным къаруушхуэ ирихьэлIащ Шортэным, абы и пьесэхэм ди театрым ноби увыпIэшхуэ щаубыд.



КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ ***ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм Угъурлы и къуэр (1916–1995)*** 1941 гъэм шуудзэ дивизэм хэту зэуащ. Зауэ IэнатIэм здыIутым Iэдэм зэхуэдэу игъабзэрт фочри къалэмри. ТхакIуэм зауэлI гъуэгуанэ кIыхь зэпичащ. Ар яхэтащ Кавказыр, Украинэр, Молдавиер хуит къэзыщIыжу, адэкIэ Румынием, Венгрием, Австрием, Чехословакием и къалащхьэ Прагэ нэса зэуэлIхэм.

Зауэ нэужьым Iэдэм КъБР-м и тхакIуэхэм я Союзым и тхьэмадэу щытащ.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ди литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ 1976 гъэм къыхуагъэфэщащ «Трудовое Красное Знамя» орденыр.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, егъэджакIуэ, тхакIуэ ***КЪАРДЭН Бубэ Мацыкъ и къуэр (1917–1988)*** Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ езым и лъэIукIэ дзэм хыхьэри взводым, ротэм, батальоным я командир хъуащ, 1943 гъэм майор цIэр къыфIащащ. Офицер хахуэм зауаем и илъэсхэм къыхуагъэфэщащ «Красное знамя» орден, «Хэку зауэшхуэ» орденым и II-нэ степеныр, «Вагъуэ плъыжь» медалих.

1945 гъэм и кIэухыу зи хэку къэзыгъэзэжа Къардэн Бубэ зэхилъхьащ «Урыс-къэбэрдей псалъалъэ», «Къэбэрдей-урыс фразеологием и псалъалъэ», нэгъуэщI тхылъ щхьэпэ куэд, бзэ щIэныгъэми литературэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.



КъБР-м гъуазджэмкlэ и цlыхубэ артист, щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, lуэрылуатэдж, драматург lэзэ ***КЪАРДЭНГЪУЩl Зырамыку Пlатlурэ и къуэр (1918–2008)*** 1940 гъэм дзэм къулыкъу щищlэну ираджауэ Хэку зауэшхуэр къэхъейри, ар иухыху хэтащ. 1945 гъэм Къардэнгъущlым и лъахэм къигъэзэжри и лэжьыгъэ пэрыувэжащ.

Къардэнгъущl Зырамыку адыгэ культурэмрэ литературэмрэ хуилэжьам папщlэ тlэунейрэ къратауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и щlыхь тхылъ.





РСФСР-м щlыхь зиlэ и артист ***ТУБАЙ Мухьэмэд Мудар и къуэм (1919–1973)*** и цlэр драматург lэзэу адыгэ литературэм хыхьащ.

Хэку зауэшхуэм Тубайм лlыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу хэтащ. Хэкум къызэригъэзэжу и псэр зытхьэкъуа и lэщlагъэм пэрыувэжащ, театрым и директору лэжьащ.

Драматург, режиссёр икlи джэгуакlуэ Тубай Мухьэмэд и къалэмыпэм къыщlэкlащ пьесэ узэщlа куэд. Апхуэдэхэщ «Къэбэрдей щlалэ», «Гъуэгу нэху», «Насыпыр хъумэн хуейщ», нэгъуэщlхэри.



***КlУАЩ Бетlал Ибрэхьим и къуэр (1920–1957)*** 1941 гъэм езым и лъэlукlэ Хэку зауэшхуэм дэкlри ар иухыхукlэ хэтащ. Командир lэзэм и лlыгъэ-хахуагъэр къалъытэри Бетlал къратащ «Красное знамя», «Александр Невский», «Хэку зауэшхуэм и II степень», «Красная звезда» орденхэр, медалхэр.

Кlуащ Бетlал щlэныгъэлlщ, lуэрылуатэджщ, лъэпкъым и усакlуэ нэхъыфlхэм ящыщщ.



КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ, щlэныгъэлl, егъэджакlуэ ***НАЛО Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэм (1921–2010)*** 1941 гъэм дзэм къулыкъу щищlэу абы икlри зауэм кlуащ. Нало Ахьмэдхъан зауэр иухыхукlэ щылащ, биидзэр изыгъэкlуэтыжурэ Берлин дыхьахэм яхэтащ. Налом дамыгъэу къратащ «Хэку зауэшхуэм и I-нэ, и II-нэ степень», «Александр Невский» и цlэкlэ щылэр, «Красная звезда» орденхэр, СССР-м и медалу 14, Польшэм и лъэпкъ республикэм и медаль.

Нало Ахьмэдхъан ди тхакlуэ нэхъыфlхэм ящыщ зыщ.

***Зыгъэхьэзырар***
***АБАЗЭ Албэчщ***



ГЪУБЖ Мухьэдин

## КЪЫРЫЩХЬЭ ЩЫБЛЭ ЩЫМЫШЫНЭ

Жэщи махуи
и пIэм иту
Къурш щхьэ фэхур
уэгум йоплъэ,
Жьапщэр куэдкIи
заримыту,
ХуэгумащIэу
гъащIэм поплъэ.
Жьыр еубзэу
шыкIэпшынэу,
Къуршыр щIыгум
тетщ уахътыншэу,
Щыбли благъуи
щымышынэу,
ЗэфIэтщ уардэу,
икIуэтыншэу!
Защещ1 къеплъхэм
я щIэщыгъуэ.
Псэр зытахэм
Хэкум папщIэ
ЗэфIэтщ щыму,
ар мэщыгъуэ,
Мамырыгъэр телъщ
и напщIэ,
Хуейкъым къуршри
нэгъуэщI фIыгъуэ!

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм

* * *

Хэку пакIэ Iэджэ къыззэнэкIыу,
СлъэкIащ тенджызхэм сыщесын,
СкIуфащ сэ Iэджэ гъуэгу зэгъуэкIыу,
Уимыхуу уилъти сигу, Бахъсэн.

Хы тафи, щIылъи, бгы сыдэкIми,
СлъэкIащ сыхъуну лIыхъугъусэн,
Уэлбанэр, уаер схузэблэкIми
Сыщтакъым – уилъти сигу, Бахъсэн.

СыпхырыкIащ зауае гуащIэм.
Абы лъэмыкIыу сыхисхьэн,
Жыр мыбзэIужу уэ си гъащIэм
УриIэу схьырти, си Бахъсэн.




## Усэпсэ, дахэрыIуэ, фIытеIуатэ...

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкIа ***"Усэпсэ"*** зэпеуэм хэтащ пэщIэдзэ классхэм щIэс сабийхэр, абы я егъэджакIуэ, адэ-анэ, адэшхуэ-анэшхуэхэр. Ахэр зэгъусэу утыкум къихьэрти усэм и купщIэр къызэдаIуатэрт еджакIуэми, егъэджакIуэми, адэ-анэми.

ЗэIущIэр Iыхьитlу екIуэкIащ.

Япэ Iыхьэм хэтар япэ, етIуанэ классхэрщ. Усэ гъэIуным утыку къихьа дэтхэнэ гупми къаруушхуэ зэрыхалъхьар нэрылъагъут.

КъэпщытакIуэхэм я дежкIэ тынштэкъым фIым я фIыжыр къыхэхыныр. ИтIани...

**Япэ увыпIэр** хуагъэфэщащ: АфIэунэ Арнеллэ *(егъ.: Дыгулыбгъу ФатIимэ, Къулъкъужын Ипщэ, 1-нэ едж.)*

*ЕтIуанэр:* Ахъуэхъу Камиллэ *(егъ.: Чыл Жаннэ, Шэджэм, 3-нэ едж.)*

*Ещанэр:* Урысмэмбэт Алихъан *(егъ.: Тохъу ХьэIишэт, Сэрмакъ, 2-нэ едж.)*

## Бзэ, Хабзэ, ЩIэблэ…

ЕтIуанэ зэхыхьэм хэтар 3-4-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэращ.

Ар щызу екIуэкIащ. Щхьэж и къихьэгъуэр теплъэгъуэ псо ирикъурт!

### Гран-при:

Шэшэн Аслъэн (егъ.: Елдар Хьэцацэ, Ислъэмей, 3-нэ едж.).

**Япэ увыпIэр:** АфIэунэхэ Дисанэрэ Миланэрэ *(егъ.: КъуэщIысокъуэ Мадинэ, Къулъкъужын Ип., 2-нэ едж. ).*

*ЕтIуанэр зэдагуэшащ:*

Аргъэщокъуэ Къантемыр *(егъ.: Бейтыгъуэн ФатIимэ, Бахъсэн, 1-нэ едж.);*

Къущхьэ Чэрим *(егъ.: ГъукIэ ХьэIишэт, Зеикъуэ, 4-нэ едж.);*

БатI Идар *(егъ.: Шыд Iэсият, Сэрмакъ, 2-нэ едж.);*

ТекIужь Марьянэ *(егъ.: УнэлIокъуэ Аленэ, Арщыдан, 3-нэ едж.);*

Наурзокъуэ Идар *(егъ.: КIыщ Жаннэ, Шэджэм-II, 3-нэ едж.).*

*Ещанэр зэдагуэшащ:*

Шыбзыхъуэ Аслъэн *(егъ.: Жолдащ Ленэ, ХьэтIохъущыкъуей, прог.);*

Къуэдзокъуэ Алим *(егъ.: МахуэлI Беслъэн, Налшык, 1-нэ едж.);*

Мэкъуауэ Силинэ *(егъ.: Къардэн Мадинэ, Шэджэм-I, 1-нэ едж.);*

Къущхьэ Саминэ *(егъ.: Уэркъуасэ Иринэ, Налшык, 4-нэ едж.);*

Ахъмэт Алан *(егъ.: Къумахуэ Маринэ, Налшык, 4-нэ едж.).*

"Усэпсэр" гукъинэжу екIуэкIащ. Абы къыхыхьащ адыгэ унагъуэ 80-м нэс. Мыр дэркIэ зимыуасэ щыIэкъым! Унагъуэр зэгъусэу усэ къызэреджэм ущыкIэлъыплъкIэ, гур къогуфIыкI.

***ТАБЫЩ Динарэ***

2018–2019 гъэ еджэгъуэр иухащ

# Дрогушхуэ






Ди республикэм и еджакӀуэфӀхэу 2018–2019 гъэ еджэгъуэм урысейпсо олимпиадэхэм пашэ щыхъуахэр ягъэлъэпӀащ. «Сабий щэджащэ» хужыпӀэ хъунущ мы гъэ еджэгъуэм и еджакӀуэ нэхъыфӀ дыдэу къалъыта **ШЕН ЭРИК** (Налшык 9-нэ еджапӀэ). УрысыбзэмкӀэ, урыс литературэмкӀэ, есэпымкӀэ, географиемкӀэ екӀуэкӀа олимпиадэхэм бжьыпэр республикэм щызыубыдахэм ящыщщ. Абы и закъуэ! ДунейхэгъуазэмкӀэ къэралпсо олимпиадэ Мэзкуу щекӀуэкӀахэм щэнейрэ бжьыпэр щиубыдащ Шен Эрик! Апхуэдэу Эрик пашэ щыхъуащ Налшык къалэм щекӀуэкӀа «ЩӀалэгъуалэмрэ хабзэмрэ» зэхьэзэхуэ джэгуми.

Ди республикэм и напщӀэ телъ щӀалэ гурыхуэм куэдкӀэ дыщогугъ!

Мэзкуу дэт къэрал технологие университетым (МГТУ-м) щекӀуэкӀащ къэралпсо олимпиадэ: «КъэкӀуэнум дыпожьэ; хьэршыр къыдохутэ». Зэхьэзэхуэм щытекӀуащ ди «ДыгъафӀэ къалэ» сабий Академием и конструктор налшыкдэсхэу Швырков Руслан (едж. № 30), Тэрчокъуэ Мухьэмэд (едж. № 29), Балъкъыз Джамбулэт (едж. № 23), Макитов Азэмэт (лицей № 2), Нэгъуей Тамирлан (едж. № 5), Ульбашев Мухьэммэт (едж. № 6). НыбжьыщӀэхэр щехъулӀащ робототехникэм, мехатроникэм, хьэршкъэхутэм, нанотехнологиемрэ, н.къ.; ӀэмэпсымэлъатэхэмехьэлӀа я лэжьыгъэхэр ягъэлъэгъуащ. Я гъэсакӀуэр Науянис Элянэщ. ЕджакӀуэхэм къыхузэрагъэпэща конференцыр гухэхъуэт. Ди сабийхэр дунейпсо хьэрш станцым щылажьэ космонавт Кононенкэ Олег епсэлъащ! ЩӀалэ Ӏущхэр къытхуеблэгъэжащ текӀуэныгъэ яӀэрэ куэдрэ ящымыгъупщэжын я нэгу щӀэкӀауэ!

Бжьыхьэлӏ Арианэ Зеикъуэ и Прогимназием и 3-нэ классым «тху» защӀэкӀэ щоджэ. УрысыбзэмкӀэ – «Весна-2017»,«Старт», есэпымкӀэ – «Математическая вселенная», «Математика вокруг нас» зэхьэзэхуэхэм, «Вопросита» къэралпсо зэпеуэм и щӀыпӀэ къудамэм, – а псом япэ увыпӀэхэр къыщихьащ. Арианэ щытекӀуащ «Потенциал России – школьники за предпринимательство» IV къэралпсо зэхьэзэхуэм. ЩӀэныгъэми усыгъэми зи гур хуэкъабзэ пщащэ цӀыкӀур усэ къеджэнкӀэ «Шемякиным и гъатхэ» дунейпсо фестивалми щытекӀуащ. ФӀыщӀэ яхуэфащэщ сабийм и адэ Ӏэдэм, и анэ Тамарэ, егъэджакӀуэ Жолдащ Ленэ.

Урыху етӀуанэ еджапӀэм и 2-нэ классым щӀэс Блий Руслан есэпымкӀэ иӀэ зэфӀэкӀым гу щылъатат сабий гъэсапӀэм. Абы и унафэщӀ Сындыку Ирэ сабийм и адэ-анэм чэнджэщ яритащ а лъэныкъуэмкӀэ Руслан зрагъэужьыну. Налшык ментальнэ арифметикэмкӀэ щыӀэ къудамэм ар къызэрыкӀуэрэ мазищ хъууэ аращ, итӀани Мэзкуу щекӀуэкӀа IV-нэ къэралпсо зэхьэзэхуэм **етӀуанэ увыпӀэр** къыщихьауэ, Камбоджэ щызэхэтыну дунейпсо зэхьэзэхуэм хуопӀащӀэ. И насып тхьэм тригъакӀуэ!

«Нурым» еджэ сабийхэми фи ехъулӀэныгъэ теддзэну дыхуопӀащӀэ!

***ТЕКӀУЖЬ Заретэ***




# ТОПДЖЭГУАКIУЭ НЫБЖЬЫЩIЭ



***ФЫРЭ Имран*** 2008 гъэм Къэхъун къуажэм къыщалъхуащ. 2013 гъэм, и ныбжьыр илъэси 5–6-м иту, Нарткъалэ ДЮСШ «Химки»-м топ джэгуным зыхуигъасэу щыщIидзащ. Абы и япэ гъэсакIуэ УнащIэ Амир топджэгур зищIысым, хэлъын хуей Iэмалхэм, а спорт лIэужьыгъуэм хуригъэджащ, хуигъэсащ, дригъэхьэхащ. ИужькIэ, 2016 гъэм, Имран цIыкIу хыхьэжащ «Эльбрус–2007»-м, ***Теувэжыкъуэ Владимир*** зи гъэсакIуэ гупым. Абы ирихьэлIэу 2007 гъэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм, езыр илъэскIэ нэхъыщIэу, Шумскэ В. И. и фэеплъу Краснодар щекIуэкIа топджэгу зэпеуэм Фырэ Имран гъуащхьауэ (нападающий) нэхъыфI дыдэу къыщалъытащ, медали къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу 2017 гъэм и гъэмахуэм Анапэ щекIуэкIа зэпеуэми псоми гъуащхьауэ нэхъыфIу къалъытащ. 2017 гъэм и бжьыхьэм Мамедкеримов Тофик и фэеплъу Владикавказ щекIуэкIа топ зэпеуэми и япэ зыри иригъэщакъым.

Имран топ джэгун зэрыщIидзэрэ зэпеуэ куэдым хэтащ, саугъэти, медаль 20 хуэдизи къыхуагъэфэщащ. Ди адыгэ ныбжьыщIэм и зэфIэкIыр къалъытэри, нэгъабэ, 2018 гъэм и накъыгъэм, Мэзкуу щыIэ, Урысейм щынэхъыфI ПФК ЦСКА-м и Сабий Академием зыщигъэсэну къащтащ.

Иджыпсту Фырэ Имран нэхъыфIу джэгу ныбжьыщIэхэм я гуп нэхъыщхьэм хэтщ, щытхъу иIэу.



***ШЭРДЖЭС Дэбагъуэ***




# СПОРТЫМ ЩЕХЪУЛӀЭ ПСОРИ ЛӀЫХЪУЖЬЩ

Лӏыхъужьыр – лӏыгъэ зыхэлъырщ. Лӏыгъэм Ӏэзагъэ щӏыгъужмэ – спорт лӏыхъужьщ. ЩӀалэ цӀыкӀухэм яхэткъым апхуэдэм емыхъуапсэ. Ар цӀэрыӀуэщ: щапхъэ къытрах. Спорт лӏыхъужьыгъэр Ӏулъхьэкӏэ къыпхуэщэхукъым, къару къудейкӀэ къыпхуэхькъым, атӀэ лӏыгъэрэ Ӏэзагъэрэщ ар къызэрахьэхур.

«Эльбрус» спорт гъэсапӀэм 2018–2019 гъэхэм ехъулӀэныгъэ щызиӀахэр дигъэцӀыхуащ я унафэщӀым и къуэдзэ, КъБР-м спортымкӀэ щӀыхь зиӀэ и гъэсакӀуэ, алыдж-урым бэнэкӀэмкӀэ Ӏэзагъэ нэхъыщхьэ зыбгъэдэлъ **ГЪУЭПЛЪАЩӀЭ ТӀэхьир**:

**ХЬЭЖНЭГЪУЕЙ Эльдар** (*гъэс. Хъурзокъуэ В.*) – **алыдж-урым бэнэкӀэ**:
КъБР-м пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и зэхьэзэхуэ – Япэ увыпӀэ;
Мэзкуу къалэм пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;

**УЛЬБАШЕВ Ӏэдэм** (*гъэс. ГъуэплъащӀэ Т.*) – **алыдж-урым бэнэкӀэ**:
Кавказ Ищхъэрэм пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и щӀалэгъуалэ зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;
Къэралпсо щӀалэгъуалэ зэхьэзэхуэ – Япэ увыпӀэ;

**КЪЭРЭГЪУЛ Анзор** (*гъэс.* Къэрэгъул А.) – **алыдж-урым бэнэкӀэ**:
*Мэзкуу къ. пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и зэпеуэ* – Ещанэ увыпӀэ;
*Къэралзэхуаку (междун.) щӀалэгъуалэ зэпеуэ* – ЕтӀуанэ увыпӀэ;

**БАБОЧИЕВ Имран** (*гъэс. ГъуэплъащӀэ Т.*) – **алыдж-урым бэнэкӀэ**:
КъБР-м пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;
Къэралпсо щӀалэгъуалэ зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;

**ТЭН Артур** (*гъэс. Соблыр А.*) – **бокс**:
КъБР-м пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и щӀалэгъуалэ зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;
Урысей къэралым и профсоюзхэм (ЦСФСО) я зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;

**ОЛЬМЕЗОВ Рэмэзан** (*гъэс. Соблыр А.*) – **бокс**:
КъБР-м пашэныгъэ къэхьынымкӀэ и щӀалэгъуалэ зэпеуэ – Япэ увыпӀэ;
«Динамо» гупым я къэралпсо зэпеуэ – Япэ увыпӀэ.

*Спортым и лъыхъужьыр къулейщ, Ӏэзагъэ зэригъэгъуэтыхукӀэ гугъуехьым щымышынэу зигъэсащи. Уэри, «Нурым» и еджакӀуэ цӀыкӀу, абы щапхъэ тепхыну дыхуейщ.*



*КӀУРАШЫН Фатимэ*

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ
ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ
«НУР»

Издается
С 1 января 1982 года
№ 5 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики
«КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редатор
**П. ХАТУЕВ**

Редакционный совет:
**Х. КАРМОКОВ**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерная вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Корректор
**Ф. КУРАШИНОВА**

Журнал зарегистрирован
в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи,
информационных технологий
и массовых коммуникации по
Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
07.05. 2019 г.
Выход в свет 28.05.2019 г.

Формат 60х90 $^1/_8$. Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak.
DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2 Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2210 экз. Заказ № 267
Индекс 73912

Стоимость одного номера
по подписке через ФГУП
«Почта России» – 14,63 руб.;
за 6 мес.– 87,78 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.

# Майм и 21-р адыгэм ди Щыгъуэ-щIэж махуэщ

*Урыс-кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 155-рэ ирокъу*




«Дунейпсо Адыгэ Хасэм» къищташ Щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэ «ЛъапсэкIуэд» зыфIащар. Ар зи IэрыкIыр сурэтыщI ***СПАШ Юрэщ.***

Сурэтым щыфлъагъу мы дамыгъэр Iыхьищу зэхэтщ:

- Адыгэ пыIэр нэщIу хьэуам къыхэнащ – зыщхьэрыгъар и хэку исыжкъым;
- Лъэпкъ дамыгъэр зытет щхьэрыпхъуэным (бащлъыкъым) и щIыбагъыр къэгъэзащ. Абы и кIапитIым хэдыкIащ Урыс-кавказ зауэр щиуха гъэр;
- АдыгэщIым ди адэжьхэр иIэпхъукIырт выгу зэщIэщIакIэ…